

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

4

Mbudzi
2020

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA



MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATO BHADHARIRWA
NEVATAKABATANA NAWO SAKA
RINO GONA KUGOVERWA KWEMAHARA

SEMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert @ BeBe
ANGEL



SPIRIT EMBASSY
TheGoodNewsChurch[®]

WITH UEBERT AND BEBE ANGEL

WWW.UEBERTANGEL.ORG | WWW.GOODNEWSWORLD.COM



UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert na BeBe Angel vashumiri veshoko raMwari vane mukurumbira pasi rese uye vave nemakore akawanda vachiita basa iri. Ndivo vakatanga kuparidza pamusoro penyasha dzakawanda dzaMwari pasi rese vachishandisa chiporofita mukuparidza kwavo, muchirongwa chinozivikanwa chichinzi (Euaggelion). Pahuviri hwavo vanyora mabhuku anemukurumbira zvikuru anosanganisira anoti, *Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer*, nemamwe akadaro. Uebert na BeBe Angel vane mbiri zvakare yekukokwa nyenika dzakasiyana siyana kumisangano inopindwa nevanhu vakawanda kuti vatungamire sevatauriri pamisangano iyi, sezvo vaine hunyanzvi hwekutaura maonero avanoita shoko raMwari vasingatyi, izvo zvinokurudzira nekusimudzira vanhu vakawanda. Sevatumgami nevakambi vekereke yeGood News Church (Spirit Embassy) uye semaporofita makuru aMwari, hushumiri hwavo hwashandura hupenyu hwamamiriyoni akawanda evanhu, kuburikidza neshungu dzavainadzo dzekuten-deutsa vanhu kuti vade Mwari, vachiratidza nyasha dzakawanda dzaMwari idzi, mukushumira kwavo muchirongwa ichi che (Euaggelion).

**Johane 15:5**

Ini ndiri muzambiringa, imi muri matavi. Unogara mandirir neni maari, ndiye unobereka zvibereko zvakawanda nokuti kunze kwangu hamugoni kuita chinhu

Mushoko redu ranhasi, Ishe Jesu vari-kutidzidzisa nezvenzira yatinga shandisa yekuti tiite nayo zvibereko zvinobatika muhupenyu hwedu. Vanoti ivo ndivo muzambiringa, uye tikaramba takabatirira pavari, tiri matavi acho. Naizvozvo kana takabatirira pavari, tinotoita zvibereko chete. Mbiri ngaipihwe kuna Mwari. Takatobatanidzwa kare nalshe Jesu, saka, tinotobudirira chete. Kana tiri matavi aJesu chatinofanirwa kuita chete kuramba tiri pavari, muzambiringa wedu. Kune shoko rechi Giriki rinotsanangura kugara uripanzvimbo usingatombotsukunyuki uye vara iri rinodaidzwa richinzi "meno".

Urukuzvionawo here izvi,? Asi kuti izvi

zviitike, chii chaunofanirwa uita? Unofanirwa kuzadza pfungwa dzako nemweya wako neshoko renyasha dzaMwari zuva rega rega. Sezvo wakatambira Ishe Jesu kuti vave tenzi nemuponesi wehupenyu hwako, uri mavari uye wavenhengo yevadikaniwa vaMwari.

Satani chaanogona kuedza kuita, kukubvisa kubva pamuzambiringa, uye anoita izvi kuburikidza nekukuyeuchidza pamusoro pematambudziko ako, hurombo hwako kana kurwara kwaunenge uchiita. Iwe enderera mberi wakatarisa kodzero dzako seMwana waMwari. Usambofawakakanganwa kuti shoko raMwari rinoti chii pamusoro pako. Gara mushoko iwe, ugodzoka uchipupura.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Jesu muzambiringa uye ini ndiri davi. Ndinogara maari saka ini ndinoita zvibereko nguva dzese. Ndiri kugara ndiri muhupfumi hwaMwari ndichinakarirwa nahwo, ndiine hutano hwakanaka.

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinte 5:21; VaEfesu 2:6

**Genesi 39:2**

Jehovha zvino wakanga ana Josefa akaramba achikwirira, akagara mumba matenzi wake muEgipita

Kunyangwe Josefa akange arambwa nemadzikoma ake, ayo akamutenge-sa senhapwa ndinoda kuti ucherechedze chimwe chinhu chekuti nhapwa iyi yakashanda mumba maPotifa mumwe mukuru wekuEgipita. Shoko redu ririkumutsanangura semunhu akaenderera mberi achikwirira achisimudzirwa, muhupenyu. Izvi zvinoreveiko kwatiri? Ko nhapwa yakarambwa inozonzi yakaenderera mberi ichikwirira, ichisimudzirwa chirudzii? Pane zvirimo mushoko iri zvakakonzeresa neKuti tinonzwa Kuti "Zvino Jehovha wakanga ana Josefa" zvichireva kuti huvepo hwaMwari muhupenyu hwaJosefa, ndihwo hwakakonzeresa kuti akwiridzirwe, asimudzirwe. Zvinoratidza zvakare

kuti kusimudzirwa hakubve mubasa rako asi kuti kunobva mumweya wako. Mushoko redu vara rinotsanangura kusimudzirwa nekukwidziridzwa muhupenyu rinonzi tsalach, muchi Hebheru, uye rinoreva kuenderera mberi uchibudirira uchiita zvinobatika. Zvichireva kuti Josefa haana kusimudzirwa chete asi kuti akaitawo zvinobatika, zvaiunza pundutso kunyangwe akange aitwa nhapwa, akanyeperwa akaiswa mutirongo, nekuti Mwari vakange vainaye.

Nhasi uno, ndirikuda kuti uzive kuti Mwari akanga aina Josefa uyu anewewo zvakare. Anogara mauri uye ndiye anokupa hupenyu husingaperi. Zvisineyi kuti uri chii kana kuti urikuitei muhupenyu, unofanirwa kusimudzirwa nekukwirira muhupenyu, uchiita zvinobatika

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vanogara mukati mangu. Ndiri mupfumi uye ndiri kubudirira panezvese zvandirikubata . Ndinotenda Mwari pamusoro pamweya mutsvene anonditungamirira, achindiudzira zvekuita muhupenyu. Handimbofa ndakakundikana nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

Johane 14:26; Hebrews 13:5

**Ruka 24:49**

Tarirai ndinotuma pamusoro penyu chipikirwa chababa vangu; Asi imigarai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumsoro

Ishe Jesu vasati varoverwa pamuchinjikwa, vakavimbisa vadzidzi vavo nevamwe vatendi kuti vanhu ava, vaizoitwa mabasa makuru kudarika akange aitwa nalshe Jesu (Johane 14:12) panyika. Mwari vaizotumira Mweya wavo Mutsvene kuti auye azogara matiri kuitira kuti tikwanise kuita minana nezvishamiso. Ishe Jesu vakavimbisa kuita izvi nekuti vakange vati "Ndichakumbira baba vangu vari kudenga kuti vakupei munyaradzi, murairi, mubatsiri, mumiriri, gweta, musimbisi kuti azova nesu kudzamara nekusingaperi, (Johane 14:16). Kubuirikidza nesimba raMweya mutsvene anogara mauiri hapana chiyero chekubudirira kana

chekukunda chaunotadza kuwana muhupenyu hwako. 2 VaKorinte 4:7 inoti," Asi pfuma iyi tinayo mumidziyo yevhu, kuti hukuru hwesimba, huve hwaMwari huregere kuva hwedu."

Mukati mako munesimba rekudenga rinoita uti ukunde. Unokwanisa kuita zvinhu zvese kuburikidza naMwari vanokupa simba. Ndiye anokupasimba rekugona kukonzera kuti zvimwe zvinhu zviitike. Uye ukacherechedza Mwari varikukupisa simba rekuita zvinhu zviitsva zvisati zvamboitika. Ukaongorora shoko redu ranhasi, unoonona kuti Mwari vaiziva kuti tiri tega nesimba redu, hataikwanisa kuzadzikisa basa ravakatituma, tisina Mweya Mutsvene. Ngaarumbidzwe Mwari uyu nekuti vakatipa simba kubva kudenga rekuti tikwanise kuita minana nezvishamiso panyika. Hareruya!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mweya mutsvene aita kuti ndive mutendi anezvibereko zvake sezvo huvepo hwehushe hwekudenga huchioneka uburikidza nemabasa amweya mutsvene mandiri.

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa Ava Apostora 1:8



Mabasa AvaApostora 9:34

Petro akati kwaari Eneasi; Jesu Kristu anokuporesa, muka uwarire nhowo dzako! Akamuka pakarepo

Tarira kuti muvhesi iri, Petro haana kana kumboswera achiisa maako ake pana Eneasi, kuti aporeswe nekuti Eneasi akange akatotakura zodzo rekuporeswa nechekaremukati make. MuApostora Petro chavo chavakangoita kumutsa kutenda kwaEneasi. Unofanirwa kunzwisisa kuti Eneasi akange ari mutendi nechekare, uye akange akazadzwa namweya mutsvene nechekare achitaurawo nendimi. Chakange changosara paari ndechekuti simba rakange rakangoraramukati make riwane anorimutsa chete, kuburikidza nekutaura shoko raMwari kwaari.

Dambudziko rauinaro nhasi, zvisineyi kuti riri mumhuri mako kana mubhizimisi rako kana muwanano yako rinongoda shoko, uye ndinoti poreswa, Ishe Jesu

ngavakusimudzire, Ishe Jesu vaporesa muviri wako. Chirwere ichocho chakutokusiya nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuporeswa ikodzero yangu nezita raJesu uye kuburikidza nezvatemwa nemuporofita pamusoro pangu, zodzo racho rave kutoshanda mandirir izvezvi. Ndaporeswa ini nezita raJesu

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 2:27

**VaKorose 2:10**

Maari nemiwo makazadzwa, iye musoro wavabati vose nemasimba iye musoro wavabati vese namasimba

Ndimbobvunzawo zvangu, kana uchizvitarisa iwe unoonei? Munhu mupfupi here, murefu here, chidhafu here uye akashata? Unoona, munhu kana achitarisa mumwe munhu, chaanoona chimiro chemunhu uyu panyama, asi Mwari vanoona mweya wemunhu.

Mwari vanokuwona wakatozara kare wakaperera muna Kristu, kunyangwe iwe uchiona zvakaipa pachimiro chako. Mwari vanokuona sechisikwa chitsva, anova mumwe pamwe naiye mukurarama hupenyu hwekudenga.

Mukundi akakunda vakundi. Uye izvi ndizvo zvaunofanirwa kugara uchipura pamusoro pako mazuva ese.

Kubvira nhasi, zvione sematarisirwa aunoitwa nalshe Jesu, munhu akaperera maari. Usamirira kuudzwa kuti wakakomborerwa usina kuzviti ndakakomborerwa. Ziva kuti zvaunofunga kuti hauna muhupenyu hwako, hungave hunhu hwaMwari, hutano hwakanaka, runyararo mumhuri mako ana kusunungurwa munyaya dzemari, utori nazvo muna Kristu. Kakusi kuti zvinhu izvi uchatu wozvipihwa kwete. Utori nazvo izvezv!i Ndosaka uchinzwa Johane achiti, "ziva kuti tiri vanakomana vaMwari" (1 Johane 3:2). Hatisikumirira kuti tipihwe kodzero iyi, takatoipihwa kare. Ishe Jesu ndirwo ruregerera rwezvitadzo zvako, ndivo kururamiswa kwako, ndivo kusimudzirwa kwako mukati mevamwe uye ndivo kuchengetedzwa kwako kwaka perera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Jehovha ndivo simba rangu nerwiyo rwangu, uye ndivo rponeso rwangu. Ini ndakkatoperera muna Kristu, hapana chandisina, uye hapana chakaprara pandiri.

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:4; Jowero 3:10



3 Johane 1:2

Mudikanwa, ndinokunyengerera kuti ufare pazvinhu zvose, uye uve mukukutu, sokufara kwomweya wako.

Vana vaMwari vakawanda vanofunga kuti kuita murombo, chiratidzo chekuzvinipisa, vasingazive kuti izvi zvinopokana nekuda kwaMwari pamusoro pavo. Kubvira nhasi, ndinoda kuti uzvize kuti hurombo hachisi chiratidzo chekuzvinipisa, kwefe. Hurombo huumo muzvirongwa zvaMwari pamusoro pako. Unonzwa Ishe Jesu pachavo vachiti ndakauya kuzokupa hupenyu hwezvakanwanda. Ndiri kukuvimbisa kuti hupenyu hwakauya naJesu kwauri hauna hurombo kana zvirwere nematenda. Unoona, Dhavhidhi paakaita chizaruro chechokwadi pamusoro paMwari nemashandiro ake, anopedzira ati, "Jehovha ndiye mufudzi wangu, hapana chandinoshaya". Zvichireva

kuti kana Mwari vaineni chete, handimbofa ndakashaya chero chipi chinhu. Vadikani, pamava vana vaMwari kudai, ibvai matoziva kuti mave nekodzero yekuwana hupfumi uye kuti mari yave kutongouya kwamuri kunge irikudhonzwa ichiunzwa nemagnetu. Kunenge kuri kutokanganisika kwezvinhu kuti ugare uri murombo. Iwe wakatogadzirirwa kuti ubudirire muhupenyu, uye kuti uite mari yakawandisa kupfuura zvaungafungire. Chitotanga kurarama hupenyu uhwu kubvira nhasi.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kubvira nhasi, rugare inhaka yangu nezita raJesu. Ndakawana nyasha dzekuwana nadzo hupfumi, uye hakuna kana dhimoni rimwe zvaro pasi rese kana kugehena richandikanganisa. Handimbofa ndakabhurora hupenyu hwangu hwese, nezita raJesu

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinte 8:9

**Zvirevo 4:23**

Chengeta mwoyo wako kupfuura zvose zvinofanirwa kurindwa noku-ti mukati mawo ndimo mune zvitubu zvhupenyu.

Ukabvumidza kuti mashoko akaipa nepfungwa dzakaipa kuti zvinge zvirim-upfungwa dzako, zvinoita segomarara, rinoparadza zvinhu zvese zvakanaka zvaunenge wambovaka nekutenda kwako.

Ibasa rako kuwona pamusoro pezvaunofanira kuti zvipinde muhana yako. Shoko redu nhasi rinotiudza kuti chengetedza mwoyo wako, zvichireva uti iwe ndiwe unebasa rekusarudza zvino pinda mumwoyo mao. Mashoko akanaka anounza mufaro, uye anounza kugadzikana kwepfungwa. Mashoko akaipa anounza kutya nekusagadzikana. Ukasarudza kufun-

ga pamusoro penhau dzakanaka dziri pamusoro penyasha dzaMwari, unenge wasarudza gwara rakanaka rehupenyu hwako

Unofanira kusvika pachinhano chekusarudza kuti ishoko raani rauntenda mariri. Shoko renhau dzakanaka dzaMwari rinesimba rekushandura zvese zvehupenyu hwako kuti zvienderane nekuda kwaMwari pamusoro pehupenyu hwako. Uye pauri kuverenga gwaro rinoiri, kune zodzo ririkuzara mukati mako, richikuendesa panzvimbo yaurikusimudzirwa uye uchitapa pasimba raMwari rekuporesa muviri wako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine runyararo mandiri rwusinganzwisike nekuti pfungwa dzangu nemwoyo wangu zviri pane zvandaitirwa naMwari. Ndizere nemufaro mumupenyu hwangu, neutio ndirir mukundi muna Jesu Kristu.

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Isaya 53:1; VaFiriipi 4:7



Zvirevo 10:22

Kuropafadza kwaJehovha ndiko kunopfumisa, kutambura pabasa hakuwedzeri chinhu

Iwekaiwe, Mwari wedu mukuru zviku-ru uyu! Zviri kutaurwa neshoko redu ranhasi, nezvarikutidzidzisa ndazvida mhani. Shoko ririkuti kuropafadza kwaMwari ndiko kunopfumisa. Aaah apa ndipo pekudaidzira kuti hare-ruyah ka apa! Pafunge, utori nesimba rawakapihwa naMwari izvezvi rekuti uve mupfumi. Harizirizvo zvega, vanowedzera kuti ropafadzo ravo hariuyi nematambudziko. Zvakafanana nekumwa piritsi rinoita uti unzwe zvakanaka uye risingazokurwadzise. Kungonaka chete kwezvinhu kunenge kuripo. Unogona kunge uripo pabhizinusi rako uchiita basa wongoerekana wasangananemunhu anezvaurikuda chaizvo izvo kuti bhizimusi rako risimuire. Ndiwo

makomborero makuru anenge abva kuna Mwari ekukuisa panzvimbo yakafanira nenguva yakafanira, zvinokonzeresa kuti usarudzwe pamusoro pevamwe vanhu.

Ndirikunamatira kuti magonhi ekuti mari yako iwande avhurike kubvira nhasi. Zvese zvaurikubata ngazviendeke, zvikupe pundutso. Une zviku-ru zvakatakura zviri kudiwa nyenika yese. Enderera mberi nekupfuma!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikusimudzirwa nekupihwa simba neropafadzio randakapihwa na-Jehovha muhupenyu hwangu. Mari inongouya kwandiri uye hupfumi inhaka yangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

3 Johane 1:2

**VaHebheru 8:10**

.....Ndichava Mwari wavo, vagova vanhu vangu

Kana Mwari vakati ndichava Mwari wako, kutoreva kwavo kuti vachava Mwari wako uye kuti vachaita minana nezvishamiso muhupenyu hwako. Naizvozvo, kana uchida munana, unouwana. Kana urimurombo, Mwari vakakuti ndichava Mwari wako, zvinoreva uti Mwari vachakupa zvese, hapana chaunoshaya. Sezvo Mwari vakapa zvekudya kumamirioni matatu evanhu vekwalsraeri zuva rega rega, kwemakore makumi mana, iva nechokwadi chekuti Mwari ava vachakupawo zvekudya mazuva ese. Kana uchirwara, Mwari vakati ndini anokuporesa, vanotokuporesa. Kuzoti vakati ndiri Mwari wako, zvinoreva kuti vachange vari Mwari vanokuporesa (Eksodo 15:26), uye uchararama uine huta-

no hwakanaka mazuva ehupemyu hwako ese. Kana wanyura muzvikwereti, ivo Mwari voti ndichava Mwari wako, zvinoreva kuti Mwari vachaunza munana wekudzima nawo zvikwereti izvi.

Usabvumidze mweya wekutya kuti ukanganise hupenyu hwako nhasi. Mwari vakatotaura mushoko ravo kare kuti vachava Mwari wako. Wakachengetedzeswa, wakamiririrwa nezita ra Jesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuramba mweya wekutya nekuti Mwari Havana kundipa mweya wekutya, asi wesimba, rudo nepfungwa dzakagadzikana. Ndinokwanisa kuita zvinhu zvese muna Kristu anondipa simba

MAVHESI EKUVERENGA

Eksodo 15:26

**Marko 11:24**

Sakandinoti kwamuri zvinhu zvose zvose zvamunonyengerera noku-kumbira, tendai kuti mazvigamuchira mugova nazvo

Kana kuine zvaunoda kuna Mwari, ivo vanoti kumbira kubva kwavari, kuti ugozwiwana. Naizvozvo unotofanirwa kuti wazviwana, watova nazvo, kunyangwe usati wazvibata mumaoko ako. Izvi zvinoita kuti zvipedzisire zvauya kwauri panyama. Ndirikuti ukakumbira tenda kuti watozwiwana wozozwiwana!

Mwari havasi kuti "Iwe nyepedzera kuti wazviwana, ukanyepedzera unozozwiwana." Uyu hausi mutambo kwete! Mwari varikutiudza kuti tidaidze zvinhu zvisipo sezviripo, kuti zvigozovapo (VaRoma 4:17). Hzvinei kuti chii chauri kushaya nhasi, hungave hutano, kana-mari, taura nezvekupihwa kwaunoitwa

naMwari, utambire nekutenda! Zvinhu zvaurikuda zvinofanirwa kuwanikwa kubva kunyika yafisingaoni nemaziso enyama, pekutanga kuitira kuti zvigozobatira panyika. Wona hupfumi hwako izvezvi, uye wona kuporeswa kwako nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikutenda kuti ndichawana kuporeswa kwangu nhasi, nezita raJesu. Hutano hwekudenga inhaka yangu.Hareruyah

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 4:17

ONLINE MINISTRY ACADEMY

WITH PROPHET UEBERT ANGEL (MAJOR)
& PROPHET SHEPHERD BUSHIRI (MAJOR)

LEARN THE **SECRETS** OF SUCCESSFUL MINISTRY

PART 1

PART 2



REGISTER AT WWW.MINISTRYACADEMY.ORG



Fully Accredited by
Transworld Accreditation
Commission



OSBORN INSTITUTE
of
THEOLOGY

ONLINE THEOLOGY SCHOOL

Get your Certificate or
Diploma qualification
in Christian Theology

**ENROL
NOW**

www.osborninstitute.com

**Exodus 13:21**

Jehovha akatungamirira masikati neshongo yegore rokovaperekedza panzira, usiku neshongo yemoto yoku-vavhenekera luti vafambe masikati nohusiku

Vana valsraeri pava kambodzungaira vari mugwenga, Mwari akavatungamirira neshongo yegore masikati uye neshongo yemoto manheru.

Panguva dzemasikati, Mwari vaiwaridza shongo yegore mudenga kuti vafukidzire vanhu vavo kubva kuzuva raipisa zvakaipisisa, kuitira kuti vawane mumvuri, zuva risavakuvadze nekupisa kwaro, zvekuti vanhu vaMwari vaitonhorerwa vachiwana mumvuri panguva yamasikati iyi. Nhasi uno newewo wakafukidzirwa naMwari. Havambofa vakautendera kuti uwisirwe pasi (Mapisarema 121:3-8), kana

kupiswa masikati (Muporofita Isaya 54:14). Hausi wega, zvisinei nekuti wasangana nedambudziko rakaomarara sei muhupenyu hwako. Usarase tariro kana kutenda, Mwari vanewe uye vachakukundisa.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwakahwandiswa muna Kristu, uye Ishe wangu vanoenda kumberi kwangu . Handisisiri nhapwa yaSatani nemadhimoni ake, nekuti arimandiri mukuru kupfuura ari panyika. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Muporofita Isaya 54:14

**VaFiri 4:7**

Zvino rugare rwaMwari rwunopfura kunzwisisa kwose rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu munaKristu Jesu.

Kana mifungo yako izere neunaka kwenyasha dzaMwari, unowana uchi-va nerunyararo nerugare zvaKaperera uye zvisinganzwisike, nekuti runyararo nerugare zvakadai zvinoita Kuti uKunde chero dambudzi ripi zvaro raunenge wasangana naro muhupenyu hwako. Rugare urwu rwunoSanganisa mifungo yepanyama, uye ndorugare nerunyararo zvakange zviina Dhavhidhi paaKapinda mukamba yemauto alsraeri apo vaitya neKutiza Gorati. Mauto alsraeri haana kunzwisisa kuti sei Dhavhidhi akange asingatomboti, ipo pakange paine njodzi yakadai Mukati memafungo emhepo ekushaya mari unogona kuti pfungwa dzako dz-

irambe dzakagadzikana uchirangarira hako pamusoro pezvauri ikuitirwa naMwari uye nekutio ndivo mupi wezvese, wowona zvose zvave kuto gadzirisana. Kana Chiremba akakuudza kuti hutano hwakko hausisina kumira zvakanaka, runyararo nerugare zvaMwari zvinenge zvirirauri, zvinoita kuti urambe wakashinga mukutenda kwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinosarudza kuramba ndakatarisa kunemuvambi nemupereresi wekutenda kwangu, sezvo ndichiziva kuti kuna Mwari hakuna chinoramba

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 4:23

**VaRoma 8:17**

Zvino kana tirivana, tirivadyi venhaka, vadyi venhaka yaMwari, Vadyi venhaka pamwe naKristu, kana tichitambudzika pamwe naye fichakudzwawo pamwe chete naye.

Vanhu vakawanda varikutambudzika mazuva ano vachishanda nekuita mabhindauko ekuti vararambe Asi shoko rinotaura kuti vatendi vadyi venhaka yaMwari, pamwechete naishe Jesu Kristu.

Une nhaka muna Kristu anova ndiye muridzi wenyika nezvese zviru mairi. Uri chizukuru cha Abrahama, uye hupfumi hwako nerugare rwako zviru muna Kristu. Ichi ndicho chokwadi chisina munhu anopikisana nacho. Bhaibheri rinoti muna maPisarema 24:1, "Nyika nekuzara kwayo ndezva Mwari nevese vanogara mairi." Nyika ndeyako iwe, uye ndinoda kuti utende zvandakuudza izvi, uchazviona zvichitoitika muhupenyu hwako. Vimba naJehovha nezvese zvavakakupa muna Jesu Kristu. Unoona wakugara muhupfumi nerugare. Iyi ndiyo nhaka yawakapihwa muna Kristu. Hareruyah!

za izvi, uchazviona zvichitoitika muhupenyu hwako. Vimba naJehovha nezvese zvavakakupa muna Jesu Kristu. Unoona wakugara muhupfumi nerugare. Iyi ndiyo nhaka yawakapihwa muna Kristu. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hwakahwandiswa muna Kristu. Zvinhu zvese ndezvangu. Ndiri mwana wamambo uye kupfuma nerugare inhaka yangu, nezita raJesu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 24:1



1 VaKorinte 3:21

Naizvozvo ngakurege kuva nomunhu anovimba navanhu nokuti zvinhu zvose ndezenyu

Taura sa Dhavhidhi, uti “ Jehovha ndiye mufudzi wangu hapana chandinoshaya” Usambofa wakafunganya kana kamwe chete zvako, hupenyu hwako hwese, ramba kunetseka uye ita kuti uku kuve kugara kwako nguva dzese. Pane kuti ufunganye, zvinova zvisingambofa zvakakupa chero chinhu kana kushandura mamiriro ezvinhu muhupenyu hwako, iwe enderera mberi uchinamata kuna Mwari uchikumbira kwavari, uchitenda uchivaudza zvauri kuda kubva kwavari. Nhasi sarudza hupenyu hwemakomborero urambe kufunganya kana kunetsekana. Ukadaro unoshama pamusoro pemikova yezvakanaka inotanga kuzarurika, uye nemakomborero aMwari anoyawo paupi anotanga kushanda

paupi zvinoshamisa. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotenda Mwari kuti chese chandinobata nemaoko angu chinobudirira nezita raJesu. Mashoko angu anesimba rekudzura nekudyara. Ndakakomborerwa zvikuru uye zvinoshamisa. Zvinhu zvese ndezvangu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:6; Mateo 6:34

**Malachi 3:11**

Ndichatukawo udyi nokuda kwenyu arege kuparadza zvbereko zveminda yenyu nemizambiringa yenyu, haingazuki zvbereko zvayo mumunda nguva isati yasvika, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo

Kana takutaura pamusoro pehupfumi hwainahwoka, apandipo patinowona Jehovha vachidada nezvavakakupa. Mwari vane shungu dzekuti uwane makomborero ese avakakupa unakirwe nawo. Kune vara rinionzi tsamba muchiHebheru, rinoreva vanhu vakawanda vanoungana nguva dzakawanda vachigadzirira hondo. Ndinoda kuti uzive kuti Mwari vakatogadzirira kuita hondo nechese chingade kutsikirira hupenyu hwako kana kukubirira mari yako. Ivo vanozvidaidza nezita rekuti Mwari wevatumwa vehondo. Vatumwa vari pabasa izvezvi kuitira

kuti upfumi hwako huuye mumaoko ako. Idzi ndidzo nhau dzinonakidza dzatinoparidza nezvadzo. Kana wawana chizaruro, haumbofa wakashaya mari chero ripi zuva muhupenyu hwako hwese Hareruyah! Nhasi vatumwa varipo kuita zvaunenge wavataurira, vachigadzirisa nzira dzese dzakakombama muhupenyu hwako. Hupfumi hwako hwazouya manje, nezita raJesu!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Jhovha ndiye mufudzi wangu uye muvengi haambofa akabata chero chipi chezvinhu zvangu. Hupfumi inhaka yangu nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 1:14; VaHebheru 12:22

**VaFiripi 2:10**

Kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame ezvirikudenga nezviri panyika nezviripasi penyika

Unoona, kana bhaibheri rikati kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame kunenge kuri kutevera zvinoitwa pa chiGiriki, uko kune mutemo wekuti zvakadaro zvakasungirwa kuti zviitike. Kungonzwa chete kuti Jesu, pasi pemutemo uyu, mabvi ese anotofanirwa kupfugama uye hapana anopikisana nazvo. Iwe wakatumidzwawo zita iri, uye unesimba pamutemo rekushandisa zita iri kutaura zvawada zvichitoitika chete.

Nezita raJesu chirwere chegomarara ngachikotame, nezita raJesu hurombo ngahukotame. Chero dambudziko rausingade muhupenyu hwako ngarikotame nezita raJesu. Vadikani

takakunda vakundi. Kukundikana hakumo muhupenyu hwako, nekuti urimwana waMwari.

Hazvinei kutiSatani akuisirei muhupenyu hwako nhasi, urimukundi nezita raJesu. Paurikubuda zuva ranhasi apa, usabvumire kutii muvengi ave ndiye anovanezwi rekupedzisira muchero chinhu chehupenyu hwako, nekuiti Mwari anewe uye unotokunda chete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotora chinzvimbo changu mumhuri yangu nezita raJesu.Hakuna chombo chandakagadzirirwa chinobudirira pamusoro pehupenyu hwangu . Ndichararama handife kuti ndipupure nezvekubwinya kwaMwari.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:37

**Ruka 9:62**

Asi Jesu akati kwaari hakuna munhu angati kana munhu akaisa ruoko rwake pabadza akacheukira shure un-gafanirwa nohushe hwaMwari

Zvinhu zvinokanganisa nekuda kupiring-isha izvo zvakasikirwa naMwari kuti uve zvinouya nenzira dzakasiyana siyana muhupenyu, uye zvinenge zviine chinangwa chekukutadzisa kubudirira. Unogona kushaya zvinhu zvinodiwa kuti uite zvakanzi uite. Unogona kukanganiswa nehama neshamwari vanoedza kukumisa kuita zvakakanzi uite naMwari, vachida kuti uite zvimwewo zvakasiyana.

Nhasi ndiri kukukurudzira kuti uenderere mberi nechido chako chezvinhu zvaMwari usatombobvumira chero chipi zvacho chinhu kukanganisa kuti

ubudirire munhu dzeshoko raMwari. Ramba wakanangisa, ubudirire pabasa raunoitira Mwari nehushwe hwedenga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuramba kukanganiswa pabasa rangu raMwari nemunhu chero upi zvake kana chipi zvacho chinhu pano panyika, nekuti ndineshangu dzekubudirira panezvandirikuita muhushe hwaMwari. Ini ndirikuzadzikisa kudakwaMwari pamusoro pehupenyu hwangu, uye simba rangu ndinoriwana mavari Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 12:1-4; Joshua 1:7

**Johane 13:35**

Vose vachaziva naizvozvi kuti murivadzidzi vangu kana muine rudo pakati penyu

Ndinoshamiswa kwazvo kuti panezvese zvinoratidza kuti munhu mutendi, Mwari vakati munhu nofanirwa kuva nerudo. Rudo ndirwo rupawo rwakaiswa naMwari pamutendi wechokwadi. Havana kuti kana uinesimba rekubuditsa madhimoni, kana kuti ukatsanya kwemazuva makumi mana, zvinoratidza luti urimuKristu kwete. Vakati tichaziva kuti urimutendi wechowadi kana muchiratidzana rudo pakati penyu. Naizvozvo shingairira kuva nerudo rwakaperera kune vamwe kubvira nhasi.

Bhaibheri rinoti rudo rwaMwari tinoruwawaniswa naMweya Mutsvene mukati mehana dzedu. Tinarwo muropa redu nechekare, ndomasikirwo atakaitwa naMwari.

Kana uine rudo rwaMwari mumwoyo mako hapana chinokanganisika muhupenyu hwako. Unenge uchifamba mumweya nguva dzese kuburikidza nerudo rwaMwari urwu. Sarudza kubvira nhasi kusiyana nekukakavadzana nevamwe kana kuva negodo, ubvumire simba raMwari kuti rishande mauri zvakaperera. Rudo rwaMwari urwu ndirwo rwunotipatsanura kubva kune zvinoitwa nenyika rwuchikoka vanhu kuna Mwari nekuti vanenge vaona kunaka kwaMwari matiri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini ndiri chombo cherudo rwaMwari, uye ndichaenderera mberi ndichishandura nharaunda yangu nekuratidza rudo rwaKristu rwuri mandiri pane zvese zvandichabata.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 5:5

**Johane 10:10**

Mbavha inongouya kuti ibe nokuuraya nokuparadza. Ini ndakauya kuti avene-hupenyu, uye ave nohwakawanda

Ishe Jesu vakauya kuzoparadza che-ro chipi nechipi zvacho chakaitwa naSatani kuti aparadze mufaro wako nemhuri yako. Shoko redu zuva ranhasi ririkuti Ishe Jesu vakauya kuzotipa hupenyu. Kune vara rinonzi Zoe muchi-Giriki, uye rinoreva kupa nehupenyu hwakaita sehwaMwari. Zvinoreva kuti kana Mwari vasinga mbofa vakarwara, iwe haumborwara hupenyu hwako hwese. Kana Mwari vasingambobhurora iwe haunga mbofa wakaita murombo. Wave nehupenyu hwaMwari mauri, hapana chinogona kukuparadza. Idzi ndidzo nhau dzinonakidza dzatinoparidza, hareruya!

Ziva kubvira nhasi kuti unehupenyu hwaMwari mukati mako. Urimukundi akaunda vakundi, uye hapana chinotadzika kwauri. Zvese zvinhu ndezvako. Hapana Satani anogona kukanganisa zvaunenge waronga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakadzikinurwa kubva kuhushe hwerima uye hupenyu hwangu hwakahwandiswa muna Kristu. Hupenyu hwaMwari hwanidiinawo hune zvizereko. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:4



2 VaKorinte 6:16

**Nokuti isu tiri temberi yaMwari mu-
penyu, Mwari sezvaakareva achiti
ndichagara mukati mavo nokufamba
mukati mavo, ndichava Mwari wavo,
ivo vachava vanhu vangu**

Mushoko redu ranhasi ndinoda kuti ucherechedze mashoko arikutaurwa anoti " ndichagara mukati mavo" serimwe remazwi, rinoreva kuti Mwari vakatoisa muzinda wavo mauri. Asi hazvisirizvo zvega zvavakavimbisa, vanoti "nokufamba navo" shoko rechi-Giriki rinoreva kufamba rinonzi emperipatéō,

Zvichireva kusora nzvimbo, kuona kuti yakachengetedzwa, uye kuti hapana chinokanganisa kana zvino kanganiska panzvimbo yacho.

Unoona, Mweya Mutsvene ari mauri, ndiye anoongorora kuti aone kuti zvese zvehupenyu hwako zvakagadzirisika. Kana paine zvinofanirwa kugadzirwa, Mweya Mutsvene anozvigadzirisa. Ndosaka bhaibheri richiti, "Iye akamutsa Jesu kubva kuvakafa anomutsa miviri yenyu kuburikidza namweya mutsvene anogara mamuri" (VaRoma 8:11).

Garauchiziva kuti Mweya mutsvene anogara mauri nesimba rake rese. Huvepohwake mauri ndihwohunoita kuti ukunde mano mano ese aSatanani pano panyika. Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndavekuziva chokwadi chekuti Mweya Mutsvene anogara mandiri. Muviri wangu itemberi yaMwari. Mweya Mutsvene anofamba mandiri nezita raJesu.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 8:11

UEBERTANGEL
FOUNDATION

**TO DONATE TO THE
UEBERTANGEL FOUNDATION
BECOME A PARTNER WITH
THE GOODNEWS WORLD**

visit

www.uebertangel.org/partner







Mabasa AvaApostora 20:32

Zvino hamadzangu ndinokuisai kunashe neshoko renyasha dzake iye unesimba rokukuvakaisai nokukupai nhaka pakati pavakaitwa vatsvene vose

Wakambonzwa here zvichinzi urizvaunodya? Ukadya zvekudya zvisina hutano unoona wave kuita ndonda. Zvinoshamisa zvikuru kuti kune maKristu anodya katatu pazuva, asi kana yave nguva yokudya kudya kwemweya vanodya kamwe chefe pazuva, uye zvanodya zvacho zviri zvishoma shoma. Apawo venenge vachida kuti vakure pamweya. Kazhinji kacho izvi zvinokonzereswa nekusakoshesa kwavo zvinokwanisa kuitwa neshoko raMwari muhupenyu hwavo. Verenga zvakare shoko redu ranhasi. Bhaibheri riri kutibuditsira pachena kuti shoko

raMwari rine simba rekuti vaka nekutisimudza muhupenyu. Harisi bhuku rengano kwete, kana kuti bhuku renhorondo yezvakaitika kare. Shoko raMwari ibenyu uye rinoshanda.

Hupenyu hwauri kurarama hunoenderana neshoko raMwari riri mauri. Zvisimudzire neshoko raMwari. Riverenge mazuva ese, ugoona kusimudzirwa kwauchaitwa naMwari uchibva pane chimwe chiyero chekubwina kwake uchiiswa pane chimwe.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinosarudza kubvira nhasi uno kuvamudzidzi weshoko raMwari nekuritevedzera zvarinenge rareva. Ndichadya shoko iri, ndichafema shoko uye ndichataura shoko. Ndirikuzvisimudzira neshoko raMwari uye hupenyu nhwangu hausi kuzoramba hwakadaro.

MAVHESI EKUVERENGA

VaHebheru 4:12

**1 Timoti 1:12**

Ndinomuvonga iye Kristu Jesu Ishe wedu wakandipa simba, nokuti wakati ndakatendeka, akandiisa pabasa rake

Ndinomutenda Kristu Jesu Ishe wedu uyo akavimba neni akandikonzeresa kuti ndivemushumiri weshoko rake. Basa iri raita kuti ndisangane nevanhu vakawanda munyika dzkasiyana siyana, avo vanondibvunza kuti ivo vakadaidzirwei naMwari. Mhinduro kwavari inowanikwa mushoko redu riri pamusoro apo. Hupenyu hwako semuKristu ndehwekuti hupupure pamusoro pechokwadi chiri mushoko raMwari, nekuparidza shoko raMwari kune varimunharaunda yako nedzimwe nzvimbo.

Wakapihwa simba rekushumira nezvamambo Jesu. Vakakupa simba kare rekugona kushumira shoko ravo (2 VaKorinte 3:6). Chiratidzo chekuti Mweya kugona kwako kutendeutsa vanhu kuti

Mutsvene arikushanda mauri vauye kuna Jesu.

Pese paitambira vanhu Mweya Mutsvene, vaiparidza shoko, uye vaidzidza nekuparidza shoko iri vaine hushingi, izvo zvaizokonzeresa kutendeuka kwevatadzi vakawanda. Apa, ndinokupa mucherechedzo wePetro uyo akaparidza shoko akatendeutsa zviuru zvitatu zvevanhu nezuva rimwe chete. Bhaibheri rinoti ava, "Vakatambira shoko rake nemufaro vakabhabhatidzwa zuva rimwe chete, vakawedzera zviuru zvitatu." (Mabasa AvaApostora 2:41).

Kristu akauya akatendeutsa nyika yese. Iye zvino zvasarira iwe kuti uparidze shoko redzikinuro, kunzvimbo dzakasiyana dzenyika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaitwa muparidzi weshoko raMwari uye basa rangu nderekutaurira vanhu nezvekunaka kwenyasha dza Mwari. Ndapihwa simba rekuparidza shoko kubvira nhasi kusvikra Ishe Jesu vadzoka. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaApostora 2:24; 2 VaKorinte 3:6; Mark 16:15



2 VaKorinte 4:13

Zvino zvatinomweya iwoyo wokutenda sezvazvakanyorwa zvichinzi ndakutenda, saka nadakataura nesuwo tinotenda saka finotaurawo

Isu sevatendi takapihwa kukunda muna Kristu Jesu, uye tinochengetedza kutenda kwedu uku nekupupura mashoko ekutenda. Tinotaura nezvekururama, nezvekubudirira uye nezveku gona chete. MuApostora Pawuro vanotsanangudza zvatinotaura vachiti ndihwo huchenjeri hwaMwari, nekuti tinopupura huchenjeri hwaMwari uhwu kune avo vasati varuramiswa, Hatipupure huchenjeri hwenyika asai hwaMwari hwakavanzika..." (1 VaKorinte 2:6-7). Usawanikwa uri mukati meavo vanotaura zvakaipa pamusoro pehurumende yenyika yako, kana pamusoro pemamiriro akaipa ehupfumi munyika yako. Asi taura kuti pfungwa,

nenzira dzekugadzirisa zvakakombama munyika, rufaro, rugare nenzira yekugadzirisa nayo zvinhu, zviri kuuya kburikidza newe. Pahunenge uchidai unenge uchidzidzisa vanhu kuti vanofanirwa kurarama hupenyu hwavo sei.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotsidza kuti ini ndirikumunda, ndirimukundi uye ndiri mupfumi, uye ndinobudirira pane zvese zvandiri uita. Ndalasikirwa uti hupenyu hwanangu hurumbidze zita raMwari. Ndiri muti wakasimwa pedyo nehova dzemvura unoita zvibereko zvakanaka. Ndino kutendai baba nekundi-nakisa kudai kwamakaita hupenyu hwanangu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinte 2:6-7; Mark 11:22-23



1 VaKorinte 1:9

Mwari ndiye wakatendeka, wamakadanwa naye kuyanana nomwanakomana wake Jesu .

Kuti udaidzwe kuti uyanane nalshe Jesu Kristu, unenge waiswa muchinvimbo chakaita sechavo. Unenge wakuita zvese pamwe chete navo muchisimudzira zvido zvavo. Ongorora kuti izvi rekuti kuyanana iro riri mushoko redu ranhasi rinoreva kuita zvinhu makabatanidzwa, kuita mushandira pamwe chaiko. MuchiGiriki kune vara rinonzi koinonia, uye rinoreva mubatanidzwa usinganzwisikwe nevakawanda. Ziva chokwadi ichi kubvira nhasi, chokuti hasi munhu asina maturo. Uri mudyi wenhaka pamwe chete naMambo wenyika yese, (VaRoma 8:17). Uri nhengo yemuvirir wake, nyama yenyama yake mapfupa emapfupa ake (Va Efesu

5:30), zvichireva kuti hakuna kwaunokwanisa kuenda kana chaunokwanisa kuita wega usinaye. Arimomauri achiita zvese newe izvo zvinoita kuti ukunde nguva dzese. Izvi ndizvo zvinokongerera muApostora mukuru kuti ati, "tiri kurarama hupenyu hwekudenga pamwe chete naye;" tiri hama munashe, rudzi rwaMwari (2 Petro 1:4).

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinehukama hwekudenga naMwari. Ndinorarama hupenyu hwangu mukukunda nguva dzose, ndichikunda Satani nemadhimoni ake nezita raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

2 Petro 1:4; VaRoma 8:17; VaEfeso 5:30

**1 VaKorinte 15:57**

Tinomotenda iye Mwari anotipa kukunda muna Ishe wedu Jesu Kristu.

Mbiri kunaMwari Hareruya! Urikuzvionawo here izvi. Vhesi redu ranhasi rikutsanangura kuti kukunda kwedu kunotovapo muna Kristu. Naizvozvo usatyichitsidzirwa nehuipe huripo, zvakai-pa zviri kuitika, kutambudzika kuparara kuri kuitika, uye nerima rakazara mazuva ano munyika, wochitanga kunakirwa nehupenyu hwekukunda muna Kristu. Mweya wako ngauzive chowadi ichi, chekuti wakatozvarwa uri mukundi nechekare. Kubudirira kurimo mumweya wako nechekare. Usabvumire munhu chero kana chipi wozvacho chingaitike kwauri kuti zvikutyore mwoyo wako. Ishe Jesu vakatoupa kundiso pamiganhu yawakange wakatarirwa, nepamusoro pematambudziko akawanda anosanganikwa

nawo muhupenyu.

2 VaKorinte 2:14 inotiratidza chido chaMwari pamusoro pehupenyu hwavanoda kuti firarame, uye ndekwegara tichikunda zuva rega rega, chero padambudziko ripi ringatiwira. Shoko raMwari rinoti, "Mwari ngaatendwe, iye anokonzeresa kuti tikunde muna Kristu, uye achitiparuzivo rwake pazvinhukunzvimbo dzese."

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinotonga nekukunda pane zvese zvinoitika muhupenyu hwangu. Kukunda kurimo mumwoyo mangu. Ndinofamba mukugona, kurumiswa, ndiine rugare. Kristu ari mandiri, naizvozvo kubwinya, kuremekedzwa nekunaka zvirimo muhupenyu hwangu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 5:4; 2 VaKorinte 2:14

**2 Timoti 1:7**

Nokuti Mwari haana kukupa mweya wekutya, asi wesimba, rudo nepfungwa dzakagadzikana.

Unofanirwa kudzidzira kugara uchibvumirana nezvinotaurwa neshoko raMwari pamusoro pehupenyu hwako nguva dzose. Mushoko redu ranhasi, bhaibheri riri kutiudza kuti Mwari havana kutipa mweya wekutya, asi werudo, simba nepfungwa dzakagadzikana. Ukukutofutiudzira kuti hutya hautombofanirwa uwanikwa kurimo mukati medu. Hazvienderane nechimiro chedu semakristu kuti titye chero chipi zvacho chinenge chatiwira. Kana tikatya, zvinenge zvave kupokana nezvinodiwa muhushe hwekudenga. Hakuna chinhu pasi rino chinogona kukuparadza, nekuti arimauri mukuru kupfuura ari panyika. Hauna kana dhimoni rinogona kukukuvadza. Nei ndiri

kudaro? Inhu yekuti Ihe Jesu vakati muna (Ruka 10:19) hakuna chingatongokukuvadzi. Zvimoreva kuti hapana kana chinhu chakasikwa chinesimba rekukukuvadza. Vangave vanhu kana madhimoni, vakafa kana vapenyu havakugone iwe, wakatokunda zvese kare! Zvimoreva kuti haubatike! Hapana chakaipa chingatongokuwira kana kuswedera pedyo newe! Wakachengetedzeka kubva kuminyama nezvimhinga mupinyi zvinowanikwa muhupenyu. Naizvozvo, famba wakasimudza musoro wako, uine hushingi zuva rega rega. Ramba kutya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinofamba mukukunda ndinofamba musimba, Handimbofa ndakazvibvumira kuti nditye chero ripi zvaro zuva nekuti ari mandiri mukuru kudarika ari panyika.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 4:4; Ruka 10:19; Muporofita Isaya 54:17

**VaRoma 8:6**

Nokuti kufunga kwenyama ndirwo rufu asi kufunga kwamweya ndihwo hupenyu norugare.

Kana bhaibheri richitaura pamusoro pekufunga kwenyama, hazvireve kuva nepfungwa inezvitadzo kwete kunyanzwewe pfungwa dzenyama dzichikonzeresa kuitwa kwechivi. Pfungwa yenyama indedzekunzwisisa kwepanyama uyemunhu anofunga panyama anowanisa kunge arimuKristu asi kufunga wake kunenge kuri kwepanyama. Munhu akadai uyu, anorarama hupenyu hwake achitungamirirwa nekutenda munezvaanofunga iye uye haafunge pamusoro peshoko raMwari kana kuva nehanya naro. Ndinoda kukurudzira kuti iwe utungamirwe namweya mutsvene nekutongwa neshoko raMwari. Ramba kuyeverwa nezvepanyika kana simba rako nepfungwa

dzako. Iwe unotungamidza zvinhu zvemweya kana urimunhu anoshingairira zviriri maerano naKristu nevhangeri rake nehupenyu husingaperi hwavakatipa. Naizvozvo ita kuti shoko raMwari ritungamirire zvese pamusoro pako, rikupe mazano, sarudzo yaunoita uye matanho aunotora muhupenyu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handizungunutswe nezvinhu zvandinonzwa nenjere dzangu, Inindakaberekwa patsva uye ndizere naMweya Mutsvene, ndinehupenyu hwaKristu mandiri. Ndakatosiyana nevamwe vanhu pfungwa dzangu nezvandinokoshesa muhupenyu zvese zvinoronda zvese zviriri maerano naKristu Kristu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 2:15-17; VaRoma 12:2; VaKorose 3:1-2

**VaHebheru 4:12**

Nokuti shoko raMwari ibenyu, rinesimba rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira panoparadzani swa mwoyo no mweya; rinotonga mifungo nendan-gariro dzemwoyo.

Shoko raMwari rinesimba rekushanda pamweya wako, papfungwa dzako, uye nepamuviri wako. Shoko redu rinhasi rinotiratidza kuti paunenge uchirishandisa kuti usimbise mweya wako, rinerimwe basa rarinetenge richiita rekushandura muviri wako nekugadzirisa zvinenge zvichiitika munharaunda mako. Sezvinongoitika paunodya zvekudya zvekuti pekutanga zvintanga zvaitwa zvimedu zvidkidiki, zvomedzwa kusvika zvapinda mumuviri wako. Bhaibheri rinoti "Shingairira zvinhu izvi, uzviitenomwoyo wese, kuti upfuurira mberi kwako kuonekwe nanvanhu vose" (1 Timothy 4:15). Ko chiiko chaunofanirwa kushingairira pachiri? Ishoko raMwari! Naizvozvo ita sarudzo nhasi yekugara uchi funga pamusoro peshoko raMwari.

Iva nenguva yaunozvipa zuva rega rega yekuzvinyika mushoko raMwari uchifunga pamusoro paro. Unoona hupenyu hwako hwave kushanduka, zvinhu zvave kukunakira.

Iva nenguva yaunozvipa zuva rega rega yekuzvinyika mushoko raMwari uchifunga pamusoro paro. Unoona hupenyu hwako hwave kushanduka, zvinhu zvave kukunakira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nhasi ndinosarudza kurarama hupenyu hwekukunda kuburikidza neshoko raMwari. Ndirimuiti weshoko raMwari, uye pandirir kutora nguva yangu ndchifunga pamusoro peshoko raMwari iri, ndirikukura nezita raJesu. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Timoti 4:15



1 Johane 1:9

Kana fichireurura zvivi zvedu, iye wakatendeka wakarurama nokudaro kuti unotikanganwira zvivi zvedu, nokutinatsa pakusarurama kwose

Ndinoda kuti uzive kuti zvaunoti wareurura zvitadzo zvako, hausi kuzvireurura mumaziso aMwari.

Vanhu vakawanda vanofunga kuti vhesi iri rinoreva kuti paunotadza unofanirwa kuenda kuna Mwari uchivaudza zvese zvaunenge wata-dza, wozokumbira kuti vakuregere. Izvi hazvisirizvo zviri mupfungwa dzaMwaripavanoti reurura zvitadzo zvako. Kune vara rechi Giriki rinonzi homologeo, rinoreva zvimwe chete nezvintaurwa naMwari kana vachiti reurura zvitadzo zvako. Cherechedza kuti kana Mwariwo vachiti reurura zvitadzo zvako vanenge vachireva kuti utebvedzere zvakataura pamusoro pazvo . ivo

Mwari vakati chii pamusoro pezvivi zvako? Vakati zvitadzo zvako zvakare zvanhasi nezvauchazopara zvakaregererwa. Vakati vachaita nyasha pakutadza kwako kwese, uye vakati havazomboranganira zvitadzo zvako kana kukuranganidza pamusoro pazvo.

Ukanzwisisa nyaya iyi, zvataurwa pakupedzisira pevhesi redu ranhasi zvinotsinhira zvakakatititira kare. NdiMwari vane nyasha uye vanoregerera zvitadzo zvedu nekuti geza kubva mukusarurama kwedu. Unedzikinro yehupenyu hwese uye nyaya yekutadzira Mwari yakatopera kare pakati pako naMwari Hareruyah!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Handisi mutadzi nekuti ndakaregererwa pazvitadzo zvandakaita kare nezvandichaita muneremangwana. Ndirikuramiswa waMwari muna Kristu Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

MaHeberu 10:10-14; 2 VaKorinte 5:17, 21

**VaEfesu 1:3**

Ngavavongwe Mwari nababavaShe wedu Jesu Kristu wakatiropafadza nokuropafadza kwose kwomweya kudenga muna Kristu

Zvirikuitwa mumakereke akawanda mazuva ano chitendero chisingaenderane nezvinodiwa neshoko raMwari. Mumakereke umu muri kushumirwa kuchitaurwa pamusoro pezvichaitwa naMwari, zvirikudakuitika, kana kuti zvichaitika uye nepamusoror pekuti uchawanei. Dambudziko rine hushumiri hwakadai nderekuti zvirikuita sekunge Mwari vasina chavakambobvira vaiti kare. Ongorora kuti vhesi redu harisikuti Mwari vachatikomborera asikuti riri kuti Mwari vakatotikomborera kare. Kureva kuti zvinhu zvakatoita saka hapana kana chikonzero chekumbira kuti Mwari dai mandikomborera nekuti wakatokomborerwa kare.

Chawakungofanirwa kuita kungotora makomborero acho, uye unowana makomborero aya nenzira imwe chete yawakatambira nayo Ishe Jesu kuti vave tenzi nemuponesi wehupenyu hwako. Zvichireva kuti unotenda mumwoyo mako wotaura nemuromo wako kana Mwari akati wakakomborerwa, chekutanga chaunofanira kuita, kutenda nemuromo wako kuti zvataurwa naMwari ichokwadi, wozotenderana naMwari wopupura makomborero aya nemuromo wako. Hapana chinombofa chakaifika kusvikira wabvuma nemwoyo wako kuti wakomborerwa uye wapupoura nemuromo wako zvirikutaurwa naMwari pamusoror pako. Ndipo paunotanga Kuona zvinhu zvave Ushanduka zvave kukunakira.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwari vakatondipa zvese zvandingade muhupenyu hwangu kare, kuti ndirarame ndiine hupenyu hwepamusoro hwindinoda. Pamusoro pezvese ndinehutano hwanaka ndirikubudirira munyaya dzemari, ndinehukama hwakanaka nehama neshamwari uye zvinhu zvangu zvese zvirikufamba zvakanakisisa. Pandinonamata nendimi ndirikutomutsa makomborero aMwari muhupenyu hwangu

MAVHESI EKUVERENGA: Muporofita Isaya 55:10-11; 1 VaKorinte 3:21; 2 Petro 1:3



SPIRIT EMBASSY
TheGoodNewsChurch[®]

WITH UEBERT AND BEBE ANGEL

WWW.UBERTANGEL.ORG | WWW.GOODNEWSWORLD.COM



The Good News World Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com